

ISSN 0207-6551
Нур
4
2018
6+



**КЪУЭШЫРЫКЪУЕЙ Дисэ**

## Тхылъ

Іэуа цІынэ, цІынэ вырхъ,
Уи тхылъыщІэр зэфІумытхъ,
Абы хьэрфхэр псори итщ,
ЗэбгъэщІэнуми ухуитщ.

– Сэ иджыри сыІэуащ,
Сыпсэлъэф къудейуэращ,
Хьэрфхэр сэ си дежкІэ гугъущ,
Сытым дежи мамэ сщІыгъущ.

Тхылъым мамэ къысхуеджэнщ,
Итхэр псори зэзгъэщІэнщ.

**МЭЗ Іэниуар**

## Си дадэ

Дадэ школым сешэ,
Сешэ, сыкъешэж.
Си тхылъылъэ хьэлъэр
Схуехьыр, къысхуехьыж.

КъыскІэлъыплъу дадэ
Дерсхэр сегъэщІыж,
ФІыуэ седжэ хъуащи,
«Тху» фІэкІ къэзмыхьыж.

**КЪУНЫЖЬ ХьэІишэт**

* * *

Сэ уэздыгъэр пызогъанэ,
Тхылъ седжэнщ, ухуеймэ, нанэ.
Тхылъ уеджэну гъэщІэгъуэнщ,
Итым зыри думыгъуэн.

И кІэухыр къэщІэгъуеймэ,
Унэджысым – уи дунеймэ,
Уеджэу тхылъ – ущхьэх мыхъун,
Ауан ящІхэм ещхь ухъунщ.



***ТАУ Нинэ***

## Данэ

Данэ дахэ къэушауэ
И нэ цIыкIум щIоIуэтыхь.
Тэджри напэр итхьэщIауэ
БостеищIэр зэпеплъыхь.

БостеищIэм Быбэ-нанэ
Дыщэпс уагъэ хухидащ.
Ар щитIагъэри ди Данэ
Нэхъ дахэжу къэгъэгъащ.

Данэ, гъуджэм бгъэдыхьащи,
И сэфэтым ирогуфIэ.
Быбэ-нани, щIыхьэжащи,
Хъыджэбз цIыкIум ныдогуфIэ.

## Ланэ

Ланэу си шыпхъу цIыкIум
И Iэр къысхуеший,
ЗекIуэну хъуэпсауэ
ЕщIыр лъабэдий.

Ланэ сэ жызоIэ:
«КхъыIэ, уэ зыубыд.
Лъабэхэр зегъакIуэ,
ЛъэгукIэ щIыр убыд».

Нанэ и куэщI щабэм
Ланэ къепщыхащ,
Сакъыу еIэт лъабэр,–
Гъуэгум дихьэхащ.

Лъэбакъуищ ичыхукIэ
Сакъыу йотIысыкI,
КIуэнущ ар лъэкIыхукIэ,
Гъуэгур игу пымыкI.



## Аслъэн

Аслъэн жьыуэ къэтэджауэ
И Iэпкълъэпкъыр зэрегъэкI,
Зипсыхьыныр хьэл хуэхъуауэ
Псы щIыIабзэкIэ зегъэпскI.

ЩIалэ цIыкIум пцIы имыдэ,
ЖыIэдаIуэу ягъэсащ,
Дадэ и псэщ, нанэ и нэщ,
Аслъэн щытхъу къылъагъэсащ.

Школым кIуамэ, «тху» къахуехьыр,
КъэкIуэжамэ, уэсыр етхъу.
КъыфIэIуэхукъым гугъу зэрехьыр,
Аслъэн цIыкIу хуэфащэщ щытхъу.

ЩагъэкIауэ ар щIыкIейкъым,
ЯгъэфIауи мыкъиин,
Ар нэхъыжьхэм пэпсэлъэжкъым,
Тхьэм долъэIу тхуэхъуну ин!

ЛЫКЪУЭЖЬ Залинэ

# Мэремщауэрэ Иныжьымрэ

*Таурыхъ*

Мыр къыщыхъуар иныжьхэр ди хы Iуфэ мэзхэм щыщIэса зэманырщ. Абыхэм цIыхур лъэрыщIыкI ящIырт, гъавэр зэхаутэрт, щIымахуэ гъэтIылъыгъэ тIэкIухэр зэрылъ гуэнхэр ягъэсырти уафэгъуагъуэм хуэдэу дыхьэшхыжхэрт. Яшхэри яхуэфэщэжт: я пэм гъуэзыр кърихуу, я гъущI сокухэр маисэу, уалъэIусмэ, узэхаупщIатэу.

ЦIыху цIыкIум яхуэмышэчыж хъущ иныжьхэм я зэраныгъэри, куэду тыхь яIыгъыу, дауэдапщэ тхьэлъэIу ящIу Хыгуащэ деж лъэIуакIуэ кIуащ. Абы цIыхухэр фIэгуэныхь хъури, толькъунхэм яIэщIэлъу, и пхъурылъху сабий дыгъэр къахуишиящ: «Мы сабийм Мэремщауэ фIэфщи, вгъасэ. Балигъ хъумэ, абы фигъэлъагъунщ Хыгуащэ и пхъурылъхум и зэфIэкIыр».

Мэремщауэ хохъуэ, псы щIагъэлъадэм хуэдэу: и акъылкIэ дадэкъуапэщ, и къарур пелуан пэлъытэщ. Ар зыпI къуажэпщым дуней гуфIэгъуэр иIэщ.

Ауэрэ, и пIалъэ къыщысым, атэлыкъым щIалэ цIыкIум хуиIуэтащ къызыхэкIам, цIыхухэм щIагъусэм, илъэсиблкIэ зэхэзекIуауэ иджы къэзыгъэзэж иныжьхэм я хъыбархэр.

– Сэ ди щIыр зыми зэхезгъэутэнукъым, – ткIийуэ жеIэ сабийм.

– Ахэр иныжьщ, си щIалэ, куэд мэхъу. ЗапыпшэкIэ, уапэлъэщынукъым.

– Деплъынщ.

Мэремщауэ гупсысапIэ ихуащ. Ар хы Iуфэм щрикIукIт, блэтхьэкIумэ къищтэрэ и даущ макъым щIэдэIуу, балигъ гупсысэхэр и щхьэм щызэблэлъэту. Ауэрэ, щIыр зэщIэкIэзызэри, блэ фий макъым хуэдэу зыгуэр къэIуащ. Мэремщауэ къыдэплъеймэ, елъагъу, дыгъэ къухьэжыр щIихъумэу шу абрагъуэ. Абы и ныбжь зытридзэр уфIыцIырти умэзэхт.

– Уэра Хыгуащэ и Мэремщауэр? – иныжьым и макъым щIалэ цIыкIур ириуд пэтащ. Уафэгъуагъуэу къэдыхьэшхащ итIанэ, уэри щIыри къигъэдаIуэу.

– Уи Iуэхуу хэлъыр сыт, сэрами сэрмырами? – къикIуэтакъым сабийр.

– ЖыIэ, си алъпышым и лъэгу ущIэкIуэдэну ухуэмеймэ.

– Алъпми?! Уэли, уи Iуэху къимыкIат уэ, иныжь. А уи хъарыпыр икIи мылъатэ, псыми емыс.

Шым кIэбдз лъакъуитIымкIэ уври зрисащ, мафIаем и гъуэзыр и пэм кърихуу. АрщхьэкIэ, хы толькъунхэм щIалэ цIыкIур ягъэпщкIури, мафIэм ирагъэсакъым.

– Мис иджы къэсщIащ Мэремщауэр зэрыуэрар! – мэгъуагъуэ иныжьыр.

– Сэри къызгурыIуащ уиш къижынур зыхуэдизыр, – ауаныщIу худоплъей.

– Ар дауэ жыпIа?!

– Хыгуащэ шы гуартэ иӏэщ, алъпхэри къехъуапсэу, – пшахъуэм щыпэщащэ хуэдэурэ жеӏэ Мэремщауэ.

– Жыӏэт-жыӏэт…

– Иныжьхэр ди хы Іуфэхэми, мэзхэми къэмыкӏуэну тхьэ яӏуатэмэ, сэ иныжьыпщ хуэфэщэн хыш дыдэ къезгъэгъуэтынт Хыгуащэ.

Иныжьыр куэдрэ гупсысакъым:

– Си къуэшхэм тхьэрыӏуэ къаӏисхынщ, Хыгуащэ и къуэ.

– Пэжи-пцӏыи, – и Іэр игъэдалъэу, Іукӏыжыну зыщищӏым, иныжьыр къэгъуэгъуащ:

– Мэ! Выфэ псом къыхэщӏыкӏауэ, си гъущӏышым и дамыгъэр дыщэпскӏэ хэдыкӏыжауэ чысэ узот! Мыр зыӏыгъым хуэмыпщылӏын иныжь къалъхуакъым иджыри.

– Хъунщ. Мо къуажэмкӏэ щхьэдэдзых уи чысэр, нэхъ жыжьэӏуэу, – щӏогуфӏыкӏ Мэремщауэ.

Иныжь жыӏэзыфӏэщым чысэр идзри, къыжраӏэнум пэплъэу къэувыжащ.

– Уэ хым ухыхьэнщи, лъэбакъуэхъуу пщӏы пча иужь, укъэувыӏэнщ мывэ гъэжам хуэдэу. Хыгуащэ и шы табыныр щыблэсыкӏкӏэ, епхъуи къыппэщӏэхуэр къахэх. Уи жагъуэ умыщӏ, ауэ уи иныжь къарур пхуримыкъумэ, пхуэсщӏэфынуӏакъым.

И къарум шэч къызэрытрахьэр игу темыхуэу иныжьыр губжьащ. И бгъэм нэсыху псым хыхьэри, пэплъэу къэувыӏащ...

...Лӏэщӏыгъуэ куэд дэкӏащ абы лъандэрэ. Иныжьри тӏорысэ дыдэ хъуащи, Хыгуащэ и шы табыныр щыблэсыкӏкӏэ, языхэзым и соку зэриубыдын къаруи иӏэжкъым.

Итӏани щытщ ар шы табыным йощэри.



# ПСОРИ ЗЫЩIЭНУ ХУЕЙХЭМ Я БЖЫГЪЭР НЭХЪЫБЭ МЭХЪУ

Илъэсий хъуауэ техникэ щIэныгъэхэм я доктор, щIэныгъэлI гъуэзэджэ Нэгъуей Залымхъан и жэрдэмкIэ КъБР-м щокIуэкI «Псори сщIэну сыхуейщ» дунейпсо зэхьэзэхуэр. ИнформатикэмкIэ институтырщ а зэпеуэм и хэщIапIэр.

Жыджэру абы хэтщ Дзэлыкъуэ, Бахъсэн, Шэджэм районхэр, Налшык къалэр. Нэхъ мащIэщ Iуащхьэмахуэ, Аруан, Тэрч, Шэрэдж районхэм я лIыкIуэхэр.

Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и еджакIуэхэм я лэжьыгъэхэр илъэситху хъуауэ зэпеуэм кърагъэхь. Адыгей, Шэшэн республикэхэр; Мэзкуу, Псыхуабэ къалэхэр зэхьэзэхуэм къыщыхыхьи щыIэщ.

Иорданым щыпсэу адыгэ сабийхэм Iэрытхыу ягъэзэщIа лэжьыгъэхэр къыщытIэрыхьэкIэ дащогуфIыкI. Яхуедгъэхьыжа фIыщIэ тхылъхэр яIыгъыу, а сабийхэм сурэт къыщытхурагъэхь щыIэщ.

ФIыщIэ яхуэфащэщ зэхьэзэхуэм хэт псоми: еджакIуэ цIыкIухэм, егъэджакIуэхэм, адэ-анэхэм, анэшхуэ-адэшхуэхэм.

**2017–2018 гъэ еджэгъуэ зэхьэзэхуэм щытекIуахэр:**

Махуэлl Даринэ – Псыхуабэ 30-нэ курыт еджапIэ;
Чомаев Ахмат – Налшык 26-нэ курыт еджапIэ;
Куэцэ Миланэ – Сэрмакъ 2-нэ курыт еджапIэ;
ЦIагъуэ Даянэ – Хьэбэз 8-нэ курыт еджапIэ (КъШР);
Шыд Аминэ – Сэрмакъ 2-нэ курыт еджапIэ;
Ульбашевэ Наиля – Хьэбэз (КъБР);
Темыркъан Даринэ – Зэрэгъыж курыт еджапIэ;
ПщыукI Астемыр – Малкэ 1-нэ курыт еджапIэ;
ХьэщIэмыз Ислъам – Малкэ 1-нэ курыт еджапIэ;
Къундет Аслъэнбэч – Ислъэмей 4-нэ курыт еджапIэ;
Къундет Миланэ – Ислъэмей 4-нэ курыт еджапIэ;
Мэзан Ланэ – Ислъэмей 4-нэ курыт еджапIэ;
Пщыгъэуш Аинэ – ХьэтIохъущыкъуей 3-нэ курыт еджапIэ;
Джуртубаевэ Иннэ – Малкэ 1-нэ курыт еджапIэ.

**ЕхъулIэныгъэ куэдым я пашэ Тхьэм ищI мы пэрыт цIыкIухэр!**



*БОЗИЙ Ислъам,*
Налшык 27 едж., 2-нэ кл.



***МАХУЭЛI Даринэ,***
Псыхуабэ 30 едж., 2-нэ кл.

***КЪЭРМОКЪУЭ Беллэ,***
ХьэтIохъущыкъуей 3 едж., 4-нэ кл.





***ДЭХЪУШОКЪУЭ Лаурэ,***
Сэрмакъ 2 едж., 2-нэ кл.



***БАТI Идар,***
Сэрмакъ 2 едж., 2-нэ кл.



***КЪАЛЭ Раметэ,***
Сэрмакъ 2 едж., 3-нэ кл.



***УЭРЫШ Камиллэ,***
Тырныауз 2 едж., 4-нэ кл.

Зыгъэхьэзырар
**БЕКЪАН М.**

# САБИЙГЪАСЭ ЧЭНДЖЭЩИПЩI

1. Iэмытхьэщiу Iэнэм тIысыр
Шейтlан цIыкIухэм ауан ящI.

2. Зи Iэфракlэ Iэнэм телъым
Гъэса цIыкIухэм Iупщlэ хуащI.



3. Шхыныр жьэм жьэдэзу псалъэм
ХужытIэнущ «гурымыхь».

4. Яхуэмышхэу, Iупэцабэу
Къиин цIыкIум – «гурымыкъ».



7. Iэнэм щысу сэ къэзыщтэм
Куэдрэ къохъу зыщиуIэж.

8. Зызышийуэ шхыным Iэбэм,
Дауи, къохъу зыщиутэж.





**5** «Хъуп-лъып» жиlэу шейм еlубым
Фlэтщыр «щхьэпс» хьэмэ «щlыкlей»?

**6** Тепщэч дзакlэм къыгуимыхыу
Пlащlэ-тхъытхъыу шхэм – «нэпсей»?





**9** Сэ - бжэмышхыр, гуахъуэр, хъупыр
lэнэм фlейуэ тумылъхьэж.
Уэрышхэу, тепщэч нэщlым
Ахэр дахэу уэ илъхьэж.

**10** Тхылъ, айфон, планшет, айпадхэр
Шхапlэ lэнэм уэ умыхь.
Уеджэу е уджэгуу шхыныр
Уи жьэм зэи уэ хуумыхь.







**!** Загъэгусэ шхыни lэни,
Шхын гъэтклунми хуохъу зэран.
А чэнджэщхэр пхуэгъэзащlэм,
ПхужытIэнщ: «Ахъырзэман!»

***АБРОКЪУЭ Беллэ***
фыщышхэм и блыным фlэвдзэ хъунущ

# Пкlауэмрэ Хъумпlэцlэджымрэ



Пкlауэмрэ хъумпlэцlэджымрэ гъуэгу техьащ «Ди нэгу зедгъэужьынщ»,– жари. Кlуэм-лъэуэрэ, псы ина тlэкlу lууащ. Хъумпlэцlэджыр лъэри псым хэхуащ. Къеlэщ-неlэри къыхэкlыжыфакъым...






5




6




7




8

Джэдур дзыгъуащэ ежьэжакъым. Дзыгъуэм ду лъапэр итIыжакъым. Дум нартыху хьэдзэ къритащ пкIауэм. Нартыху хьэдзэр зыIэрыхьа тхьэрыкъуэм хьэсэр ихъужакъым.

Хьэсэм кърита шхиймкIэ пкIауэми хъумпIэцIэджыр псым къыхилъэфыжащ.

9



10

## ДЖЭГУРЭ ПЭТ НЭ ИРАЩІ

*(Адыгэ псалъэжь)*

Анэр ипхъу закъуэм тегужьеикIат. Хъыджэбз цIыкIур узыримыгъэплъу дахэт, ауэ зы дагъуэ иIэт: и нэ лъэныкъуэм зыри илъагъутэкъым. Ар нэщхъей, гъуджэм иплъэрей зэрыхъуам анэм гу лъитэри еупщIащ:

– Сыт, си псэр зышхын, щIалэ цIыкIу уегуэкIуауэ ара?

– СегуэкIуами, къызэплъкъым, – и гур къызэфIозэрыхь: – Сыт, мамэ, мы си нэм къыщыщIар?

– А-а, си дуней нэху цIыкIу мыгъуэ, ар уIэплIэтес сабийуэ къэхъуащ. Лэныстэ къэппхъуэтар къыщыптесхыжым укъэгъуэгати, ар си гум имыдэу уэстыжри, напIэзыпIэм уи нэм щIэпIужа мыгъуэщ.

– А, си мамэ дыщэ, сыгъмэ – сытеужынт, щхьэ сыбгъэунэхъуа мыгъуэ? – къыщиудащ хъыджэбз цIыкIур.

# Сабийхэр зыщыхъумэн хуейхэр

**МафIэ**



**Жан**



**Ток къэкIуапIэ**



**ПапцIэ**



**Пщтыр**



**Ток Ӏэмэпсымэхэр**





**ЛъагапӀэ**



**Псы**



«Телефоныр яӀэщӀэлъу къалъху иджырей сабийхэр», – жытӀэ хъуащ. Ахэр дэзыхьэххэм дакӀэлъывгъэплъ. «Джей щхъуантӀэм» дапхуэдиз сабий игъэунэхъуа!

Иджы къежьауэ, вацап зиӀэхэм къыхурагъэхь мыпхуэдэ «чэнджэщхэр»:

«Псоми фӀыуэ ялъагъу МафӀэ-гуащэ е Хьэуа-гуащэ ухъуну ухуеймэ, жэщым псори жеижа нэужь къэтэдж, фызэрыпщафӀэ газ хьэкур дэшей, гъуэлъыжи, узэрыӀурихыу, МафӀэ-гуащэ ухъунурэ Хьэуа-гуащэу улъэтэжынущ.

Ди чэнджэщхэр пӀуатэмэ, къохъулӀэнукъым. БзыщӀ».

ЦӀыкӀухэ, апхуэдэ «чэнджэщхэм» фемыдаӀуэ!
Анэм нэхъ лъапӀи, нэхъыфӀу фыкъэзылъагъуи мы дунейм зэрытемытыр фигу ивмыгъэху! Анэм (е нэхъыжь гуэрым) къывдимыщӀэу зэи Ӏуэху фымылэжь!

# Апрелым и 1-р бзухэм я дунейпсо махуэщ!




## ЦIыкIураш

## ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ

***БзууцIэхэр адыгэбзэкIэ зэвдзэкIи ифтхэ***

***УпщIэхэр.***

*ЕкIуэкIыу:*

2. Ласточка.
3. Коршун.
4. Лунь.
5. Сова, филин.
6. Грач.
7. Коростель, дергач.
8. Жаворонок хохлатый.
9. Трясогузка.
10. Буревестник.
11. Горихвостка.
12. Голубь.
13. Каменка-плясунья.

***Жэуапхэр пэжмэ, къехыу фыкъеджэнщ бзу лIэужьыгъуэ хэгъэпщкIуам. Ар*** оподовникщ.

Зыгъэхьэзырар
***ШЭРДЖЭС Д.***

**Щхьэж и унэ бжэнлъакъуэ!**

Арыгэ псалъафэ



## ЩАПХЪЭ



УЭЛДЖЫР Даянэ, Налшык СОШ № 32.
«Iущхэмрэ Iущыцэхэмрэ» урысейпсо зэхьэзэхуэм щытекIуэри къэралым и еджапIэ нэхъыфIхэм ящыщ МГИМО-м экзаменыншэу щIэтIысхьащ


*ЕЖЕМЕСЯЧНЫЙ ЖУРНАЛ ДЛЯ ДЕТЕЙ «НУР»*

Издается
С 1 января 1982 года
№ 4 2018 г.

Учредитель:
Государственное казённое учреждение Кабардино-Балкарской Республики «КБР-Медиа»

И. о. главного редактора
***Б. М. АБРОКОВА***

Редколлегия:
***Х. КАРМОКОВ***
***А. КАРМОВА***
***Е. ТХАМОКОВА***
***Х. ТИМИЖЕВ***
***П. ХАТУЕВ***

Художественный редактор
***М. ХАЛИЛОВА***

Набор и вёрстка
***Н. РАСТОРГУЕВОЙ***

Свидетельство о регистрации ПИ № ТУ07-00125 от 11 января 2018 г. Управление Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникации по КБР.

Подписано к печати
16..04. 2018 г.
Выход в свет 27.04. 2018 г.

Формат 60x90 $^1/_8$
Бумага мелованная
Гарнитура Arial, Tolstyak. DrunkC, Comic Sans MS.
Печать офсетная
Усл.печ. л. 2
Усл.кр.-отт 8
Уч.-изд.л. 2,7

Тираж 2950 экз.
Заказ № 171
Индекс 73912

Стоимость одного номера по подписке через ФГУП «Почта России» – 13,87 руб.; за 6 мес.– 83,22 руб.

Адрес редакции:
360000, Нальчик,
пр. Ленина, 5.
Тел.: 42-17-53, 42-75-30
**nur.kbr1982@yandex.ru**

Адрес издателя: 360017, г. Нальчик, пр. Ленина, 5. ГКУ «КБР-Медиа». Дом печати.

Отпечатано в типографии ООО «Тетраграф» 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 33.

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленного электронного оригинал-макета.